



MOBILE FOOD POP-UPS ABCD

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)

Nou ta renmen konnen opinyon w sou Pwogram Mobile Food Pop-Ups ABCD a!

KONTAKTE NOU!

✉ mobilefood@bostonabcd.org

📞 617.208.8677

🌐 bostonabcd.org/service/abcd-food-pop-ups/

KALIFIKASYON/ENSKRIPSYON

Kijan m ka enskri pou Food Pop-Ups yo?

Nou ofri de fason pou enskri nan pwogram nou an.

Premye a se pre-enskrripsyon atravè sitwèb nou an: <https://apply.bostonabcd.org/login>.

Jis klike sou bouton vèt "Register" a nan paj wèb la pou kòmanse pwosesis enskrripsyon an.

1. Chwazi Aplikasyon Mobile Food la nan meni dewoulan an.
2. Tanpri ranpli tout seksyon yo nan aplikasyon an epi mete yon adrès imel ou kapab tcheke nan ka ta genyen anons ak chanjman nan pwogram nan!
3. Klike sou Bouton vèt Register a apre ou fin ranpli aplikasyon an.
4. Yo pral voye yon imel bay moun ou te endike nan aplikasyon w lan. Tanpri tcheke bwat resepsyon w lan pou yon imel Konfimasyon soti nan ABCD epi klike sou lyen yo bay la.
5. Lè w tounen nan ekran Login Codect la, ou ka antre non itilizatè ak modpas pou kont ou an. Ansuit, klike sou bouton ble Login nan.
6. Apre ou fin konekte, chwazi pwogram "Mobile Food Pantry" nan meni dewoulan an.
7. Tanpri ranpli enfòmasyon yo mande yo nan fòm nan epi klike sou bouton "NEXT" la.
8. Ranpli dezyèm fòm nan tou epi klike sou "NEXT".
9. Yon fenèt ta dwe parèt ak yon tèks akò. Tanpri li l konplètman epi decide si w dakò ak li nan tcheke ti bwat ki nan kwen goch anlè a epi klike sou bouton "I ACCEPT" la.
10. Sou paj Estati Aplikasyon an, tanpri mete yon siyati. Ansuit, klike sou bouton "SAVE" la.
11. Suiv tout lòt enstriksyon yo epi ou ta dwe pare pou enskri nan pwochen Food Pop-Up nou an!

Enstriksyon pou Enskripsyon

Dezyèm opsyon an se enskri pandan premye vizit ou. Nou ofri yon kòd QR ou kapab eskane pou ka enskri atravè telefòn pòtab ou. Oswa nou ofri tou fòm papye, yon sèl paj men ki genyen de bò, ki pral pran apeprè 5 minit pou ranpli.

Èske m pral oblije montre yon pyès idantite oswa lòt enfòmasyon pandan enskripsyon an?

Nou pa mande w pou bay yon pyès idantite oswa lòt dokiman pou kounye a.

Nou genyen kèk kesyon tou kout pou nou poze w pou ranpli aplikasyon an pou nou ka wè si w satisfè kondisyon pwogram nou an epi sèvi w pi byen nan Pop-Ups nou yo.

Kisa kondisyon yo ye pou m patisipe nan Food Pop-Ups yo?

Genyen sèlman de kondisyon prensipal pou patisipe nan Mobile Food Pop-Ups nou yo. Premye a ou dwe se yon rezidan swa nan Boston, Newton, Winchester, Belmont, Everett oswa Medford. Dezyèm nan ou dwe tonbe anba kondisyon AMI (Revni Medyan Zòn) nou an.

Pou yon fwaye ak 1 moun, revni anyèl fwaye a dwe mwens pase \$67,400

Pou yon fwaye ak 2 moun, revni anyèl fwaye a dwe mwens pase \$77,000

Pou yon fwaye ak 3 moun, revni anyèl fwaye a dwe mwens pase \$86,650

Pou yon fwaye ak 4 moun, revni anyèl fwaye a dwe mwens pase \$96,250

Pou yon fwaye ak 5 moun, revni anyèl fwaye a dwe mwens pase \$103,950

Kilè m pral resevwa nouvèl konsènan estati apwobasyon mwen pou Food Pop-Ups yo?

Ou ta dwe resevwa yon imel soti nan Codect, lè aplikasyon w lan fin ranpli! Si w pa resevwa youn epi ou vle konnen estati aplikasyon w lan, pa ezite kontakte nou nan telefòn oswa imel.

Imel nou se mobilefood@bostonabcd.org

Nimewo telefòn nou se: **617.208.8677** (lendi jiska vandredi 9:00 AM - 5:00 PM)

Èske m pral gen pou m enskri pou chak vizit nan Food Pop-Ups yo?

Ou pral genyen pou enskri sèlman premye fwa ou vizite Food Pop-Ups nou yo. A kondisyon ke tout enfòmasyon yo la nan pwofil ou lè ou prezan pandan koneksyon an. Si non, nou ka ede w regle bagay yo pou ka jwenn manje ou bezwen an!

Èske m ka vizite sèlman lokal mwen presize pandan enskripsyon mwen an?

Nou ankouraje w vizite lokal Pop-Up nan katye w la. Men, si ou reyèlman bezwen, ou ka vizite nenpòt nan lokal Pop-Up nou yo pandan tout mwa a.

MANJE

Èske m pral oblije peye pou manje a?

Manje ou kolekte a gratis. Okenn peman pa nesesè.

Kijan pou mwen kolekte manje yon fwa m fin enskri nan pwogram nan?

Yon fwa enskripsyon an konplè, ou ka sèlman ale nan nenpòt lokal Pop-Up nou yo ki disponib, kanpe nan liy epi siyen. Nou pral mande non w, si ou te enskri davans. Men si se premye vizit ou, nou pral fè w ranpli yon fòm tou kout. Apre sa, nou pral montre w seleksyon manje nou an epi ou ka kolekte manje ou bezwen an!

Ki kalite manje pwogram ou an ofri?

Objektif Mobile Food Pop-Ups yo se pote manje ki pi fre nan katye w la. Nou fokis seleksyon nou sou pwodui ki fre, yon varyete vyann, ansanm ak lèt ki pa ki pa lèt bèt! Seleksyon nou ka varye de vizit an vizit.

Si w chwazi pran tout chwa yo ki nan seleksyon nou an, yon estimasyon mwayèn ta apeprè 5 liv vyann ak de opsyon (poulè/vyann bèf/pwason). 1 galon lèt ki pa lèt bèt ak de opsyon (zanmann/kokoye). Ak 11 diferan pòsyon pwodui.

Kòmman pase yo te enkli pwodui tankou: Asòtiman pwawwon, bannann, Pòm Gala, Bwokoli, Zorany, Kawòt, Mayi, Pòm detè Yukon lò, Patat Dous, Tomat Wouj, ak Zonyon Jòn. Yon fwa ankò, seleksyon nou ka varye de vizit an vizit.

Èske m garanti 1 nan chak pwodui alimantè?

Malerezman, nou ka pote sèlman yon sèten kantite manje nan chak Pop-Up, kidonk nou dwe opere sou yon baz premye vini premye sèvi. Nou rekòmande w rive bonè, pou ka wè seleksyon konplè nou an nan manje ki disponib.

Si m chwazi pa pran yon pwodui alimantè, èske mwen ka gen yon pòsyon doub nan yon lèt?

Malerezman, nou pa ofri pòsyon doub nan okenn pwodui alimantè pou lèt kliyan yo ka gen opòtinite chwazi machandiz sa a tou.

Èske m pral bezwen pote sak pa m pou m pote manje a?

Nou kontan bay sak ou bezwen pou pote pwodui alimantè ou chwazi transpòte lakay ou a. Sepandan, si w ta prefere pote pwòp sak ou soti lakay ou, nou kontan ranpli yo pou ou tou!

Èske m ta dwe pote yon bagay pou asiste nan transpòte manje a?

Nou rekòmande itilize yon charyo a men, oswa machin pou moun ki dwe ale yon distans ki lwen pou Pop-Up nou yo! Tanpri planifye pou sa.

Mwen genyen yon bèt kay lakay mwen ki bezwen manje tou. Èske pwogram sa a ka asiste m?

Nou kontan di ke nan lokal Mattapan ak East Boston nou yo, kounye a, nou fè patenarya ak Animal Rescue League of Boston pou bay pwopriyetè bèt kay yo manje pou chen ak chat yo. Pral genyen yon reprezantan sou plas pou ede kliyan yo ak manje. Tanpri sonje ke sa tou se premye vini premye sèvi paske rezèv yo limite.

Èske Pwogram ou an ofri livrezon manje?

Mobile Food Pop-Ups pa ofri sèvis livrezon.

Si w andikape, ou gen plis pase 55 an, epi w abite nan Boston, Medford, Everett, Belmont, Newton oswa Winchester, ou ka kalifye pou Pwogram Livrezon Manje nou an.

Pou konnen si pwogram nan ap aksepte nouvo kliyan kounye a ak pou wè si w kalifye tanpri vizite sitwèb pwogram yo oswa kontakte yo atravè nimewo telefòn yo a.

Telefòn: **617-348-6222** (lendi jiska vandredi 9:00 AM - 5:00 PM)

Sitwèb: <https://bostonabcd.org/service/abcd-food-delivery/>

JENERAL

Kijan pwogram sa a fonksyone?

Yon Food Pop-Up tipik kòmanse nan Food Hub nou an nan Brighton. Ekip ABCD a ansanm ak volontè nou yo mete manje a nan kamyonèt nou yo nan maten distribisyon an epi ale nan lokal ki deziyen pou Pop-Up la.

Lè nou rive nan Pop-Up la, nou enstale nou nan yon estil mache anplennè ak yon tab pou siyen ak tab pou manje yo. Kliyan yo ka jwenn nou nan chache kamyonèt blan ABCD a ki estasyon nan Distribisyon an. A 1 PM, distribisyon nou yo kòmanse. Ak kliyan nou yo ki fòm yon sèl ranje, nou pral fè moun ki te deja enskri bay non yo epi ale nan zòn koleksyon.

Si ou pa t enskri davans, ou pral ale nan tab pou siyen nou an kote nou pral genyen yon fòm enskripsyon tou kout pou ou ranpli. Yon fwa fòm nan fin ranpli, ou ka deplase imedyatman pou al pran manje w la si w ranpli kondisyon kalifikasyon yo.

Lè kliyan yo enskri yo ka kòmanse chwazi manje yo. Nan ale de tab an tab manje yo, kliyan yo ka chwazi ant vyann, lèt ki pa lèt bèt, ak nenpòt pwodui nou genyen nan estòk nan jou Pop-Up la. Kliyan yo sèlman di asistan an ki manje yo ta renmen epi manm ekip nou an pral ranpli sak yo ak seleksyon yo te fè yo.

Èske m ka fè yon lòt moun vin chèche manje pou mwen?

Si li difisil pou vin jwenn ak nou nan Food Pop-Ups nou yo, yon zanmi oswa yon manm fanmi ka vin chèche manje nan plas ou! Nou sèlman mande pou enskri davans pou nou ka jwenn enfòmasyon ki kòrèk yo! Sèlman fè zanmi w lan oswa fanmi w lan pataje non w epi si w enskri, yo ka kolekte manje w la pou ou.

Chak konbyen fwa ou vizite chak Lokal Pop-Up?

Food Pop-ups vizite 4 lokal yon fwa pa mwa. Nou vizite lòt lokal nan yon orè wotasyon. Nou vizite chak lokal nan yon dat diferan amwenske move tan lakòz yon reta.

Nou vizite dabò **Roslindale** premye lendi chak mwa.

Nou vizite **Mattapan** premye jedi chak mwa.

Nou vizite **South Boston** twazyèm madi chak mwa.

Nou vizite **East Boston** twazyèm vandredi chak mwa.

Nou vizite **Allston** 23 me, 11 jiyè ak 26 septanm.

Nou vizite **Hyde Park** 25 me.

Nou vizite **Roxbury** 13 jen, 27 jen ak 22 out.

Nou vizite **Jamaica Plain** 14 jiyè ak 22 septanm.

Nou vizite **South End** 9 jen, ak 10 out

**Dat sa yo kapab chanje akòz move tan ak jou ferye. Anjeneral, si sa rive, Pop-Up yo pral opere semèn apre a nan menm jou a.*

Ki kote m ka jwenn mizajou konsènan lokal, dat ak lè Food Pop-Ups yo?

Ou ka tcheke Kalandriye Food Mobile nou an sou sitwèb nou an pou jwenn mizajou sou dat ak lokal yo. Ou ka jwenn sitwèb nou an nan bostonabcd.org/service/abcd-food-pop-ups/.

Ou ka suiv nou tou sou instagram **@abcdboston** pou notifikasyon pwogram yo, chanjman lokal ak anilasyon evènman.

Ou ka rele nou nan **617.208.8677** soti 9:00 AM rive 5:00 PM lendi jiska vandredi, oswa voye yon imel ban nou nan **mobilefood@bostonabcd.org**

A ki lè Pop-Up la kòmanse?

Food Pop-Up yo kòmanse a 1:00 PM epi pral kontinye jiska 2:30 PM

Yon lè konsa, nou pral chanje lè nou opere, menm si an jeneral li rete menm jan an.

Nan kèk ka, lè pou kòmanse yo ka varye, men nou ankouraje w tcheke kalandriye nou an oswa kontakte nou pou nenpòt chanjman nan dat, lè ak lokal yo anvan vizit ou a.

Èske gen plan pou elaji nan lòt lokal?

Kounye a nou genyen 4 lokal, Roslindale, Mattapan, South Boston, ak East Boston.

Nan mwa k ap vini yo amezi pwogram nan ap evolye, nou pral genyen Popping Up nan plis katye!

Kounye a nou sèvi Roslindale, Mattapan, South Boston, East Boston, Hyde Park ak Roxbury. N ap elaji aktivman nan nouvo lokal, kidonk tcheke sitwèb nou an regilyèman oswa kontakte nou pou plis enfòmasyon sou Pop-Ups ki toupre w yo.

Kisa k ap rive ak rès manje ki pa itilize nan Food Pop-Up la?

Nou kontan pou nou di ke tout pwodui nou jije ki pa bon pou konsomasyon ale san danje nan konpòs amezi sa posib) pou nou minimize fatra manje. Nenpòt manje ki rete, ki ka konsome, men ki pa pral dire jiska pwochen pop-up la anjeneral redistribiye bay lòt gwoup kominotè.

Èske li ta posib pou m sèvi kòm volontè nan Food Pop-Ups yo?

Nou toujou apresye kèk men siplemantè! Si w enterese ede nou ak Food Pop-Ups yo, pa ezite kontakte nou atravè imel nou an, oswa telefòn!

Imel nou se **mobilefood@bostonabcd.org**

Nimewo telefòn nou se: **617.208.8677** (lendi jiska vandredi 9:00 AM - 5:00 PM)